



Pou Piblikasyon Imedya: 05/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 15 MILYON DOLA POU SIPÒTE PWOGRAM  
PREMATÈNÈL YO TOUPATOU ATRAVÈ ETA A**

***Finansman an pral Ede Enskri plis Pase 2,000 Timoun nan Bon Jan Kalite  
Pwogram Prematènèl***

***L ap Pèmèt Nèf Distri Lekòl ki gen Anpil Bezwen Ofri Pwogram Prematènèl pou  
Lapremyè Fwa***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te akòde 15 milyon dola bay 32 distri lekòl ki gen anpil bezwen pou ogmante aksè a bon jan kalite pwogram prematènèl pou plis pase 2,000 elèv ki gen laj twa ak katran yo toupatou atravè New York. Finansman sa a pral sipòte agrandisman pwogram prematènèl yo nan distri ki gen anpil bezwen yo oubyen ki defavorize yo nan kad efò Eta ap fè pou yo ankouraje edikasyon preskolè, epi amelyore avni akademik tout elèv yo.

“New York pran angajman pou nou garanti ke chak timoun gen yon chans ekitab a bon jan kalite edikasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a pral ede egalize tèren akademik lan pou timoun ki nan kominote defavorize yo epi mete yo sou yon wout pou yo jwenn opòtinite ak siksè.”

“Li enpòtan pou timoun yo gen aksè a yon bon jan kalite edikasyon abòdab, espesyalman byen bonè lè yo tou piti”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa a pral ofri distri lekòl ki gen anpil bezwen toupatou atravè eta a yo, aksè a pwogram prematènèl epi asire ke yo bay chak timoun yon opòtinite egal. Nou pran angajman pou nou ofri tout timoun ak fanmi yo yon edikasyon preskolè k ap mete yo nan pozisyon pou yo jwenn siksè alavni.”

Finansman ke yo te akòde distri lekòl yo te baze sou kalite aplikasyon an ansanm avèk lòt faktè ankò, ki gen ladan bezwen elèv ak distri a yo genyen, efò pou yo sible elèv ki gen plis bezwen yo, ak efò pou yo maksimize kantite timoun ototal ke yo sèvi nan pwogram prematènèl yo. 15 milyon dola anplis sa a pral garanti New York kontinye soutni elèv ki pi jèn li yo gras a soutyen agrandisman pwogram prematènèl yo nan distri ki gen anpil bezwen yo, ki gen ladan sa ki pa gen plas nan pwogram prematènèl yo kounye a.

Depi 2011, Gouvènè Cuomo te plis pase double angajman Eta nan edikasyon bonè pou amelyore avni akademik jèn moun yo nan New York. An 2013, Gouvènè Cuomo te kreye premye plas nan pwogram matènèl tout jounen yo nan eta a, epi an 2015, New York te agrandi pwogram prematènèl yo pou sèvi timoun twazan yo pou lapremyè fwa. Angajman New York pran anvè pwogram prematènèl yo depase 800 milyon dola pa ane kounye a, kote y ap sèvi 120,000 elèv ki gen twa ak katran chak ane atravè pwogram prematènèl inivèsèl gratis yo ofri fanmi yo.

**Chanselye Konsèy Administrasyon Eskolè (Board of Regents) Betty A. Rosa te deklare,** “Nou dwe ede ofri opòtinite pou yon bon jan kalite kòmansman nan edikasyon pou apranti ki pi jèn nou yo, poutèt pou yo ka rete sou wout siksè pita nan lavi yo. Mwen menm ak Konsèy Administrasyon Eskolè a, nou te mete edikasyon preskolè kòm yon premye priyorite depi byen lontan. Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo paske l ap fè vanse rekòmmandasyon enpòtan sa a ke Gwoup Travay sou Edikasyon Preskolè (Early Childhood Workgroup) Komite Riban Ble a (Blue Ribbon Committee) te fè a, ki se yon eleman kle nan kad efò nou ap fè pou nou bay tout timoun New York la yo zouti ak opòtinite pou yo atenn siksè akademik ak sosyo-emosyonèl pou lavi diran”.

**Komisè Edikasyon Eta a (State Education), MaryEllen Elia te deklare,** “Envestisman New York ap fè nan pwogram preskolè yo te ogmante yon fason konsiderab epi li rete yon priyorite pou Depatman an ak Konsèy Administrasyon Eskolè a ogmante aksè a bon jan kalite pwogram edikasyon preskolè. Travay nou ap fè dekonsè ak Gouvènè a ak Lejislati a pou nou asire ke elèv ki pi jèn nou yo ak fanmi yo resevwa sèvis ak opòtinite nesèsè yo depi byen bonè nan kòmansman lavi yo enpòtan anpil pou avni timoun eta sa a yo. Nou dwe kontinye fè efò pou nou pi byen satisfè bezwen timoun yo, fanmi yo, distri lekòl yo ak founisè pwogram preskolè toupatou atravè eta a yo”.

Finansman ke yo te akòde nan distri yo prezante nan fason ki anba:

BROCTON CSD	\$297,951
CANDOR CSD	\$322,938
COHOES CITY SD	\$137,761
COPENHAGEN CSD	\$167,702
DERUYTER CSD	\$313,099
DRYDEN CSD	\$114,624
DUANESBURG CSD	\$146,640
DUNKIRK CITY SD	\$1,097,829
FORESTVILLE CSD	\$111,105
GANANDA CSD	\$370,597
GENESEO CSD	\$97,200
KINGSTON CITY SD	\$686,572
LIBERTY CSD	\$213,414
MONTICELLO CSD	\$204,486
MOUNT VERNON CITY SD	\$1,113,289
NIAGARA FALLS CITY SD	\$662,502
NIAGARA-WHEATFIELD CSD	\$830,208

NYC PUBLIC SCHOOLS	\$2,289,646
ROCHESTER CITY SD	\$2,088,179
ROMULUS CSD	\$52,632
RONDOUT VALLEY CSD	\$280,800
ROOSEVELT UFSD	\$968,150
SACKETS HARBOR CSD	\$113,616
SAUGERTIES CSD	\$183,328
SCHENECTADY CITY SD	\$407,435
SODUS CSD	\$176,625
SPENCER-VAN ETEN CSD	\$162,826
SYRACUSE CITY SD	\$644,637
TROY CITY SD	\$337,845
WATERVLIET CITY SD	\$130,919
WESTPORT CSD	\$151,200
YORK CSD	\$124,245

Edikasyon preskolè atravè pwogram prematènèl yo ka konble eka nan akonplisman yo epi bay timoun yo avantaj non sèlman depi byen bonè nan kòmansman lavi yo men tou pandan tout dire lavi granmoun yo. Daprè etid Enstiti Nasyonal pou Rechèch sou Edikasyon Preskolè a (National Institute for Early Education Research), timoun yo ki patisipe nan bon jan kalite pwogram edikasyon anfans gen yon pi bon nòt nan tès mantal jiska laj 21 ane, plis siksè nan egzamen akademik nan toulède matematik ak lekti e yo gen plis chans pou ale nan yon kolèj katran epi travay pou bon salè.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)